

# 8 janvyè

**Pawòl Senyè a la pou tout tan.** 1 Pyè 1. 25

**(Jezi di :) Syèl la ak tè a va pase, men, pawòl mwen yo p ap pase ditou.** Mak 13. 31

## **Liv vivan an**

Bib la pa yon liv relijye pami yon bann lòt. Se yon liv ki pa tankou lòt yo : Se avèk li Bondye pale ak nou. Se li menm ki fondasyon fwa kretyèn nan. Se liv sa ki pase, sa ki la kounye e sa k ap vini nan lavni, yon liv pèmanan ki pa janm demode, yon liv rich epi ki gen nannan yon moun ka li plizyè dizèn fwa san ou pa janm rive fini ak tout sa ki ladan l. Pa gen okenn lòt liv ki ka konpare ak Bib la. Karant ekriyen diferan, men yon sèl otè : ki se Bondye. Li pa sa ki soti nan lide lèzòm, “men moun ki sen, moun ki moun Bondye, te pale selon jan Lespri Sen te dirije yo” (2 Pyè 1. 21).

Nan Bib la, Bondye eksplike nou poukisa lèzòm pa ka ni kominike ni genyen relasyon ak li ankò. Li di nou tou kòman pou nou retabli kontak sa. Bib la se mesaj lanmou Bondye, ki vle mete kanpe yon relasyon tounèf, vivan e etènèl ak lèzòm. Lè ou li Bib la pandan ou kwè sa Bondye di a va louvri toutbonvre chemen ki mennen kote l la. Se sa pawòl Bondye a ye, vivan, L ap aji epi L ap antre nan konsyans.

Pou piti li reponn de gwo kesyon :

– Kisa ki fè lèzòm, yon fason oubyen yon lòt, ap fè koured ak Bondye ? Se dezi yo pou yo viv san li, nan de mo : se peche.

– Kòman yon moun ka fè jwenn kè kontan pou viv avèk li ? Pa mwayen Jezi Kris ki te vini sou tè a pou wete n anba peche e pou mennen chak moun ki kwè nan li kote Papa a.

# 8

janvier

## **La parole du Seigneur demeure éternellement.**

1 Pierre 1. 25

**(Jésus a dit :) Le ciel et la terre passeront, mais mes paroles ne passeront pas.** Marc 13. 31

### **Le Livre vivant**

La Bible n'est pas un livre religieux parmi d'autres. C'est un livre unique : Dieu nous parle par elle. Elle est le fondement de la foi chrétienne. C'est le livre du passé, du présent et de l'avenir, un livre permanent qui ne se démode jamais, un livre riche et profond que l'on peut lire des dizaines de fois sans jamais l'épuiser. Aucun ouvrage ne peut se comparer à la Bible. Quarante écrivains différents, mais un seul auteur : Dieu. Elle n'est pas l'expression de pensées humaines, "mais de saints hommes de Dieu ont parlé, étant poussés par l'Esprit Saint" (2 Pierre 1. 21).

Dans la Bible, Dieu nous explique pourquoi l'homme ne peut plus communiquer ni avoir de relation avec lui. Il nous dit aussi comment retrouver ce contact. La Bible est le message d'amour de Dieu, qui veut établir avec l'homme une relation nouvelle, vivante et éternelle. Lire la Bible en croyant ce que Dieu dit ouvre effectivement ce chemin vers lui. Telle est la Parole de Dieu, vivante, agissante, pénétrante.

Elle répond, entre autres, à deux grandes questions :

– Qu'est-ce qui fait que l'homme est, d'une manière ou d'une autre, en rébellion contre Dieu ? C'est sa prétention à vivre sans lui, en résumé : le péché.

– Comment trouver le bonheur de vivre avec lui ? Par Jésus Christ qui est venu sur la terre pour délivrer de ce péché et amener à son Père chacun de ceux qui croient en lui.